АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№30 (9918)
РУЗМАН
31 июль 2020 сон
10 ЗУЛЬ-ХИДЖА 1441 СОН

Шамил районалъул газета
Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство
Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ
Багьа эркенаб

■ БАРКИ



**Хириял районцоял, баркула нужеда тIаде щвараб бусурбабазул бищунго хириял байрамазул цояб - Къурбанкъо! Аллагьас къабул гьабеги киназулго хъураб Къурбан, гьабураб садакъа, гIибадат.**

**Гьарула нужер хъизан-лъималазе, гIага-божаразе, гьудул-гьалмагъзабазе лъикIабщинаб. РакIал иманалъул цIеги, рукъ баркат-рахIматалъул цIеги, Аллагьас нужер хъураб Къурбанги азариде бахинабеги. Балагьал рикIкIалъаги, рахIматал гIагарлъаги. ЛъикIаб гьабизе, квешаб тезе тавпикъ кьеги киназего.**

**Бищунго пашманаблъун лъугьана исана ХIежалде ине гьукъи, бахуneб унтиялъул хIинкъи букIиналъ. Хирияб ракьалде щвезе аниш бугезул Аллагьас ватIичIого гьебги тIубайги. Гьарула киназего унта – щокълъиялдаса цIунараб халатаб гIумру.**

**Къурбанкъоялъул баракат рещтIаги щивав бусурманчиясул хъизамазде.**

**Районалъул бетIер**
**МухIамад ХIАСАНОВ**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# ЦIияб цIалул соналде хIадурлъи

**24 июлалъ райадминистрациялда тIобитIана цIалул идарабазул нухмалъулезул данделъи. Аслиял суалаллъун рукIана цIияб цIалул сон байбихьилалде тIуразаризе кколел масъалаби ва ЕГЭялъул хIасилал. Данделъи нухда бачана районалъул бетIерасул заместитель МахIач МахIачевас ва районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Ибрагьим ХIажиевас.**



ЦIалул сон байбихьилалде киналго лъайкьеялъул идарабаз тIуразе тIадал тадбиразул баян кьуна И.ХIажиевас тIоцебесеб иргаялда. Цогидал соназ гIадин гуреб, исана коронавирус тIибитIиялъул хIинкъи бугеб заман букIиналъ, щибаб цIалул идараялъ тIуразе кколел руго Роспотребнадзоралъ рихьизарурал хасал шартIал.

Черхалда хъвачIого температура борцунел термометрал ва гьава бацIцIад гьабулел рециркуляторал росиялъул суал данд бана нухмалъулелгун. Гьел шартIал тIураялде хIукуматалъ кIудияб кIвар кьезе букIиналъулги бицана.

М.МахIачевас бичIчIизабуна нухмалъулезда хадуб транспорталъулаб налог тезе бегьунгутIи. Жиде-жидер коллективаздаги налогазул налъи бугез, гьеб тIубазе хIаракат бахъеян тIадкъай гьабуна.

ЕГЭялъул хIасилал гьарулаго, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулес кьуна гьоркьохъеб къимат. КIудиял тIадкIалъаял гьечIого, берцинго нухда ана экзаменал. Гьал къоязде киналго экзаменазул хIасилал жеги лъалел гьечIо. РукIине кколелдаса дагь баллал щварал предметазда тIад цIикIкIун кIвар кьезе ккеялъулги бицана.

Районалъул гIемерисел школал къачIазе унел руго батIи-батIиял тайпабазул хIалтIаби. Гьезул хIакъалъулъ мухIканлъи тIалаб гьабуна школазул нухмалъулездаса.

ТIаде рачIарал ва камулел тIахьазул хIисаб-суал гьабиялъул ва цогидал суалал рорхана данделъиялда. ЦIияб цIалул соналде школал хIадурлъиялъул актал къачIазе ва цогидал шартIал тIуразе болжал бихьизабуна И.ХIажиевас.

**ГI. НУРМУХIАМАДОВА**

■ ХIЕЖ-2020

# ХIежалде къасд лъурал пашманлъарал къоял

**ХIежалде сапар бухьине къачIадулел дунялалъул миллионал бусурбаби пашманлъараб сон буго исана. Хирияб ракьалде нух къараб къо бачIинин абураб пикруцин биччалароан нилъеца. Гьеб къоги нилъеде бачIинабуна политикияб яги рагъулаб ахIвал-хIалалъ гуреб, инсанасул бералъ босулареб, гьитIинаб вирусалъ.**



ГIарабазул хIукуматазда гьоркьоб гьеб вирусалъ унтаразул къадар бищунго цIикIкIун буго СагIудиялъ (КСА ). Пандемия лъазабураб заманалда жаниб гьенив коронавирусалъ унтана 250 000 ялдасаги цIикIкIун чи, хвана 2600 цIикIкIун чи, унтудаса сах гьаруна 210 000 ялдаса цIикIкIун гIадамал. ГьабсагIаталда гьенибги унтаразул къадар гIемерго дагьлъулеб бугин абулеб буго.

Исана хIежалда азаргоялдаса гIемер чи гIахьаллъизе гьечIин лъазабун букIана пандемиялъул байбихьудаго сагIудияз. Гьелги жидерго улкаялдаса. ЖамгIиял гьиназда ругел баяназда рекъон, гьеб къадар анцIго нухалъ цIикIкIараб букIинеги рес буго.

ХIеж борхине сагIудияз рес кьезе бегьула, коронавирусалдаса рацIцIалъарал, жидерго сахлъи цIуниялъул ва хIинкъигьечIолъи цIуниялъул идарабазда хIалтIулезе. Цогидал соназда данде ккун кигIанго дагьал ругоници, хIажизабаздаса исана руго пандемиялъул заманалда рекъарал кьварарал тIалабал. Гьездаса цояб- кагIба рукъалъул къадалъ лъураб чIегIераб ганчIида кквер хъвазе гьукъи.

Нилъер заманаялъул тарихалда жаниб гьаб тIоцебесеб нух буго къватIисел улкабазул бусурбабазе хIежалде рачIине нух къараб. Ахирисеб нухалъ хIеж къан букIана вабаалъул унти тIибитIараб 1858 соналъ.

ХIежалде ине къачIан рукIарал бусурбаби пашманлъи гуреби, жалго сагIудиязеги буго пандемиялъул кIудияб зарал.

ХIежалде рачIунел миллионал хIажизабаз сагIудиязул хIукуматалъе (КСА ) 12 миллиардалде гIагарун доллараязул хайир кьолин щибаб соналъин хъвалеб буго жамгIиял гьиназда.

**П. ИБРАГЬИМОВА**

## Авторасул бокIон

Давуд ДАВУДОВ

### ГЬИТIИНАБ БИЗНЕС-КIУДИЯБ ХАЙИР БУГИЩ?

Тарихалъ хIехьоларо буюрухъал кьей, амма киналго тадбирал щвалде щвезари бараб буго чIезарурал шартIазда. Инсаниятальул тарихалъул батIалъулареб бутIалъун кидаго букIана инсанасе хайир щолеб магIишат гьаби. ТIолго улкаялдаго гIадин Дагъистаналъул жамагIаталги гьелде руссарал руго.

Тарихалъул щибаб бутIаялда раккулел рукIана батIи-батIиял цIаразда гъоркь таваккал бергьарал гIадамал. ХIукуматалъул хIалтIуда гьечIониги, щолеб шагьи-капек гьечIониги гьез жидеего кIвараб бетIербахъи гьабуна. Гьезул киназулго гIаммаб хасият буго даран-базаралда гъорлъ рукIин. Цояз спекулянталин, цояз коммерсанталин, цояз бизнесменалин цIаралги кьурал.

Араб гIасруялъул 90-абилел саназ добаса босун гьаниб къайи-цIа, ретIел-хьит, кванил нигIматал бичизе бажарулевщинасда бизнесмениланги абулаан. Жакъад аслияб къагIидалъ районалда цебетIураб бизнеслъун ккола тукаби, аптекаби, кафеял, заправкаби, автомашинаби къачIалел, чурулел бакIал. Гьезул цIикIкIунисел кIудиял ва жанисан шагьранух бугел росабалъ руго.

Бизнес бачиналъул аслияб къагIида буго, гьоркьохъанлъи гьабун гуреб, жинца гIуцIараб продукция гьеб хIалтIизабулесухъе щвезаби. Гьединазда гьоркьоб рехсезе бегьула гIи-боцIухъанлъи ва пихъ гIезаби. Нилъеца гIажаиблъи гьабула рахьхIан, гьан, бакIарараб пихъ хиралъи –учузлъиялда, амма пикру гьабуларо гьелда хадуб кинаб захIмат бихьун хъулухъ гьабизе кколеб. Батизе бегьула цо-цо жо цIакъго хираго, амма гьитIинаб бизнесалъул чIахIиял ресал рукIунаро.

ТIоцебесеб иргаялда бизнес цебетIеялъе къваригIуна гIарцул сурсатал. Рокъоб нахърателги, ресалда ругел гIага-божаралги гьечIони сапар бухьине ккола банкалде. Гьенире кьезе кколелщинал документал ва къарз нахъбуссинабулаго унел процентал рихьигун гIемерисел байбихьулел бизнесменазул пикру хисула гьеб иш тIаде босиялдаса. Ахиралдаги гьел киналго лъугьуна живго жиндаго чIараллъун (самозанятый) ва цохIо жиндирго хъизан-лъимал хIалтIун магIишат хIебтIулеллъун. ХIукуматалъул рес букIунаро щивав бизнесалде варасе кумек гьабизе. Хасал проектазда гIахьаллъун грант щвезе ккани, къваригIуна къучIал, мухIканал баянал ва щвараб гранталъул гIарац битIараб нухда хIалтIизаби, цIуни, ай гарантия.

Ахирисел саназ церетIезе байбихьараллъун руго интернеталдаса бичахиси, къваригIаралъуб къайи-цIа щвезаби, жал бетIергьанал клиникаби, лъай щула гьабиялъул централ, туризмалъул бакIал. Дагь-дагьккун лъугIизе байбихьана кверзул махщел бугездаса тIалабал. Къадал разе кколел гьечIо, гвандарун рукъзал къачIалел гьечIо. Техника цебетIеялъ инсанасул гIахьаллъи дагьлъулеб буго. ГьитIинаб бизнесалда ругел гьеб киналдаго хадур гIунтIулел гьечIо. Радал хIалтIаралъухъ къасиялде мухь щвезе ккани, гьитIинаб бизнес бакъун хутIулеб буго. Тарихалъул аслияб буюрухъ-магъало бакIари гьелдалъун хашлъулебги буго.

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# Гъоркьа Бакълъухъ годекIан къачIана

**29 июлалъ районалъул бетIерасул заместитель Камил МухIамадов щвана Гъоркьа Бакълъухъе, «Дир Дагъистан» проекталда унел ругел хIалтIабазул халгьабиялъул мурадалда.**




МугIрул росабалъ тIибитIараб майдан бати захIматаб суал буго. ЖамагIат данде бакIаризе, аслиял суалал дандралеб бакI кидаго букIана годекIан. Жакъасел тIалабазда рекъон, росдал годекIан къачIазе «Комфортная городская среда» проекталде босун букIана.

Гъоркьа Бакълъухъ, лъималазе площадкаги жаниб бугеб, хIухьбахъиялъул бакI къачIазе биччан букIана 1 678,138 гъ.

Жакъа къоялде хIалтIул 95% гьабун рагIалде бахъун бугин бицана районалъул бетIерасул заместителас. Кинабниги бетон тIеялъул хIалтIи гьабун лъугIун буго. Сверун къан, тIад тIадхъелги гьабун, гIодоб чIун буго плита, лъун руго скамейкабигун урнаби. Гьенибго рекъезабураб камераялъ, проекталда рекъон гьарулел хIалтIабазда хадур хал кквезе рес кьола. Цере лъурал масъалабазул гьабизе хутIараблъун ккола годекIан гвангъизаби – гьелъие лъезе руго 3 токалъул хIуби ва лъималазе гьабулеб площадкаялда хасал резиналъул плитаби чIей. ГIагарал болжалазда, гьеб кинабго тIубан объект лъугIизе бугин баян кьуна К.МухIамадовас.

НИЖЕР МУХБИР

■ ХIАЖАТАБ КАЛАМ

# ХIебда таксистал, гIедегIуге!

**Микьго сагIатги нухда бан МахIачхъалаялде унеб заман цебего кIочана нилъеда. Нахъе тунго рахъунарел свераби, чIамучIаб эхедерай, занкун цIурал басриял автобусал.**




ЧIалдаса нух рагьаралдаса гIезегIанго сонал ана. Амма гьелъул гуро бицине бокьун бугеб. ГIатIидал, ритIарал, санагIат рекъарал жакъасел шагьранухазда бугелъул гьабила дагьабго рехсей.

Шагьаралде нахъе гIемер чи хьвадулеб заман гьаб букIин, гьаниб бицинчIониги лъаларев чи вукIинаро. Гьелъие транспорталъул гIураб санагIалъиги гьечIищха. Маршруткабаздаса гIемер батIалъи гьечIеб мухьдаха хьвадулел гIисинал машинабазул буго цIакъго санагIалъи. Хехаб къваригIелалъ унезе чараго гьечIеб транспорт буго нилъер заманаялъ такси. Квеш ккараб жо буго квелъ биччан эркенлъи гьезие кьей. «Хехалъ бецаб гьабула»-ян аби буго нилъер умумузул. Цо-цо таксистазул гIедегIиялъ, машинаялда рекIаразул гIадалнах сверизабулеб хIал букIунеб буго. Пассажираз тIад рагIи абиги шоперзабазе цIакъ рекIее гIоларо! Нужецаго хIисаб гьабе, нухлул рагIалда рихьуледахъ руго гьаб бакIалда сагIаталъе 40-30 километра гурони нахъе тезе бегьуларин.

Гьеб бакIалдаса нилъер гIемериселго таксистаз газалда хIетIе цулеб буго 90-100ялде скоростальул хехлъи бахинегIан. Сверабалъ скорость гIодобе кколеб гьечIо 60-ялдаса, «лежачий» абулел ограничениял ругел бакIаздаса кIанцIизабулеб буго 30-40 км.-ялдаса гъоркье биччачIого. Машинабазде рарал гIиял гIадин, доре-гьанире хьвагIизарун пассажиралгун кIиго сагIатги бащдаб заман инелде щолел руго точка А-ялдаса – Б-ялде, ай МахIачхъалаялде яги ХIебдаре. Таксистаз цоцазда гьоркьоб рецалъе бицунеб буго жал 2,5 сагIаталде щванилан. Гьезул тIалаб гьабулел диспетчеразда бихьуларого лъаларогойищ бугеб жидер таксистаз нухда балеб заман? Щай гьелъул миллат гьабулареб?

Живго гIадин гIедегIарав цогидав таксист сверулъ дандчIвазе рес бугогури. Нухазул закон цIунизе кколин абураб пикругицин гьечIо. Бихьулеб буго нилъеда къойил нухазда кколел талихIкъарал лъугьабахъинал. Рулалда нахъа гIодов чIарасул жавабчилъи гьечIолъиялъ гурищ аварияздe рачунел? Бокьилаан гьаб ахIи рагIизабизе таксистазда. Редакциялде кагъат хъваялъе мурадги гьел рекIеда рати, балагьалдаса цIуни буго.

Пенсионер М.ИБРАГЬИМОВ

■ ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# Иццал

**Гьоорив росдал администрациялъ ва жамагIаталъ цIакъ хайир цIикIкIараб хIалтIи гьабун буго.**

Умумузул заманалъго рукIарал, гIадамазе мунпагIат цIикIкIарал кIиго иццалъул тIубан чIунтун, хIалтIи хун букIана. Ахирал моцIаз тIад гьабураб хIалтIуца,





цIи гьарун иццаздаса нахъойги жамагIаталъ мунпагIат босизе рес щвана.

«БухIариб» авалалда бугеб иццалъе спонсорлъи гьабуна Гусейлов ХирамухIамадица. Централияб къватIалда бугеб иццал росдал администрациялъ къачIана. 5 тонна цемент ва гьелда рекъараб кинабго иццал раялъе къваригIунеб материалалъе квербакъана, ИПялъул нухмалъулев Ильяс ГIабдулаевас. Иццазул хIалтIи тIаде босун гьабуна Закиров Салимица, МухIамадов ХирасулмухIамадица ва ГьитIинамухIамадов АхIмадица. Лъадал къварилъиялда рукIарал авалазда, иццал къачIан рагIалде рахъинаруна.

М .ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВА

■ КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 75-СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Рагъул соназ нилъер росабазул рукIа-рахъин

**Лъидаго ракIалда ккун букIинчIо ракълил къотIиги хвезабун, гIагараб улкаялде тIаде гIасияб балагь бачIинин абун, хъантIарав ва вахIшияв А.Гитлерил нухмалъиялда гъоркь.**



22 июналда 1941 соналда фашистаз талавур гьабизе байбихьана нилъер гIемер миллатазул СССРалда.

Рагъда цересел соназ Дагъистаналъул гIадамал батIаго мискинго рукIинчIо. ГIуцIун рукIана 30-абилел соназда колхозал, совхозал.

Амма гьанже гIадин росдал магIишаталда хIалтIул цебетIураб техника букIинчIо. Бугеб техника, чуял рагъул соназда Армиялъе хIажаталъе хIалтIизаризе ккана. Гьединлъидал, гIемерисеб хIалтIи кверзул букIана, хасго колхозазда гьарулел хIалтIаби. Росабалъа ВатIаналъул рагъде ана гIолохъаби ахIунги, жодоего бокьунги. Росдал магIишаталда, завод-фабриказда хIалтIизе ккана херал чагIи, руччаби ва школлъималцин. Жалго колхозчагIазул букIана лъималхъизамалъул къадаралде балагьун (приусадбениял) рекьул участкабазул бутIаби, кIиго къапилаялдаса микьго къапилаялде щвезегIан. (Цо къали 6 500 кв.м.ракьул).

Рагъул соназдаги ва лъугIун хадубги жиб-жиб колхозалъ нилъер советияб пачалихъалъе кьезе кколаан росдал магIишаталъул нигIматал: ролъ, гьан, нах ва гь.ц. ВатIан цIунулезе ва шагьаралъул хIалтIухъабазе кьезелъунги. Гьел нигIматазухъ колхозазе кьолаан гIарац, рагъдаса хадусел соназ росдал магIишаталъул техника бачIунаан. Рагъул соназ цIакъ захIматаб хIалалде ккана росдал захIматчагIи. ЛъагIалида жаниб цо нухалъ гурони колхозчагIазе хIалтIухъ мухь-кванил нигIматал, тIощел кьолароан, гьебги хIалтIул къоязул хIисаб гьабун (трудодень).

Пачалихъалъул бетIер И.В.Сталиница 3 июлалда радиоялдасан хитIаб гьабуна тIолабго СССРалъул халкъалде.ВатIаналъе хIинкъи буго, гьеб цIуне тушманасдаса, бергьенлъи босизе ккол ин абун. Хасго гьеб ахIиялдаса хадур цIакъго гIемерал ана ВатIан цIунизе. ВахIшияв тушманасда тIад бергьенлъи босизе гIемер миллатазул хIукуматалъ свак тун, сардал-къоял рорчIун къеркьана.

Улкаялда рагъги ракъиги цадахъ букIана. Мисалалъе 14 июналда 1942 с бараб чIахIияб гороялъ магIарухъ бекьараб тIощалил ракь лъугьинабун, гъутIбузда пихъ гуреб тIамахцин тун букIинчIо. Дол рагъул соназ блокадаялда рукIарал шагьаразул кинаб хIал букIарабали гьаниб бицинего бицинаро. Гьел 1941-1945 рагъул соназ росдал гIадамазе квине, ай хвалдаса хвасарлъизе чутти, мичI ва цогидабги хIалтIизабулеб букIун буго. Кваназе ролъ, бугIа ва гь.ц. щоларого, цIоросоролъил хIокI, куракул пурчIнал гIабул хенолеб букIана. Дол рагъул соназ, ай 1947 соналде щвезегIан чед талоназухъ гурони кьолеб букIинчIо. Нилъер мугIрузул росабалъе хьиндалал рачIунаан пихъ босун хасел-тIощел босизе.

Рагъул соназда квен-тIехалъул гуребги ретIел-хьитги квеш букIана. ТIомол хьитал, хьвацIил, жанибе хIетги бан ретIунаан, къохьол, буртинадул хьитал гьарулаан. ЦIакъ гIемер рукIана гьардухъаби. Рагъул соназ росдал захIматчагIаз пачалихъалъе кьезе кколаан цIакъ батIиял налогал, рехсезин гьезул цо-цоял, лъимер гьабулеб гIужалда ругел гIелалъул руччабаз, гIолилаз, ригьнада ругониги гьечIониги лъимал гьечIез, кьезе кколаан хIорналог (холостой) гIарац. Гьанже гьелъул гIаксалда 1-3 лъимер бугезе гьарулел бигьалъабазухъ балагье (пособие, материнский капитал, ва гь.ц.) Колхозалъул уставалда рекъон, 3 чахъу, 1-2 гIака ва цо хIалтIул хIайван, чу яги оц гурони хьихьизе биччалароан. Гьезда тIадги квасул 1 кг, гIакдал нах 2 кг. гIака рикIкIун кьезе кколаан нологазул агентасухъе, гьес квитанция кьолаан гьеб кьурасухъе. БукIана цоги налог «заготовка»ян абун, ай щибаб магIишаталъ хIукуматалъе кьезе кколаан 32 кг чIагояб цIайи гьанал. Гьидерил кьода яги Гьолокь бугеб заготскоталде ине кколаан хIайваналъул бутIаби кьезе списокги босун заготовкачиязул. Рагъде унел гIолохъабазе росдацаго нух битIулаан, чуялги рачун Буйнакскиялдаса тIад руссун рачIунаан цадахъ арал.

ВатIанияб рагъ хъатIичIеб цониги хъизан хутIичIо нилъер ракълилаб хIукуматалда. Рагъде ана цо хъизамалдаса вассал, вацал, гьеб букIана кара биххараб мех.

Рагъул гIахьалчагIазда бицунеб букIана жалго тIад руссинчIого бегьулеблъи; тIокIалъ вацал, яцал ва эбел-эмен киданиги рихьичIого хутIизе рес букIин. ВатIан цIунизе гьанжеялдаса 75 соналъ цере ана эбел-инсул цо-цо ругелги, ячарай лъади тун, гьанжего гьанже гьарурал ва ургьир лъимал тунги. Гьедин къо бихьун бахIарчилъиялда цIунана ВатIан ва босана бергьенлъи вахIшияв тушманасда тIад.

27 миллион чияс кьуна ВатIан цIунулаго гIумру. Рагъдаса тIадруссун рачIараз цIидасанги гIахьаллъи гьабуна рагъуца чIунтараб магIишат цIи гьабизе, росаби, шагьарал, заводал, фабрикал разе. Рагъул гIахьалчагIазе щибаб росабалъ ран руго гьайбатал памятникал. Нилъеда киданиги кIоченаро рагъул гIахьалчи ва гьезул нахъе ругелги, хваралги лъималги. Нилъер РФ хIукуматалъ, хасго В.В. Путиница жигар бахъулеб буго гучаб ВатIан букIиналъе, халкъалъул рукIарахъин лъикI гьабиялъе, рекъел цIуниялъе. Гьаб ракIалдаго гьечIеб коронавирус тIибитIулеб бугеб заманаялъ, гьеб лъугIиялъе жигар бахъулеб буго щивав чияс. Нижер ТIогьохъ МО гьоркьоре унел ТIогьохъ росулъан рагъда гIахьаллъана 28 чи, тIад вуссинчIо 10 чи. Микьигьориса гIахьаллъана 26 чи, тIад вуссинчIо 11 чи. Зивуриса 16 чи, хвана рагъда 6 чи. ГIагараб Шамил районалдаса гIахьаллъана 2075 чи, тIад вуссинчIо 883 чи.



## *Рагъул соназда*

*Нилъеда гIумруялъул кьогIлъи- гьуинлъи*
*ГьитIинго бихьана батIи-батIияб,*
*Амма рагъул кьвагьи ракьалъ хIехьараб*
*Ункъго сон даималъ хутIила рекIелъ.*
*Нилъеда цIаги биги гIемер бихьана,*
*ГIодулел руччаби чанги ратана.*
*Чохьол эбелги чIван, чIва-чIвадилаго*
*Гьелда тIад хурхараб лъимер бихьана.*
*Эбел-эбелилан чваххулеб магIу*
*Бигун жубан ракьалде тIенкIолеб буго.*
*ТIокIалъ йорчIуларей гьелъул гьурмада*
*Наслуялъ убачал гьарулел руго.*
*Биххун щущахъ бараб шагьар бихьана,*
*Щивго чи хутIичIеб росу бихьана.*
*Россал чIван хутIарал лъудби рихьана,*
*Лъимал тIад руссинчIел улбул рихьана.*
*Чохьол эбелалъе хилиплъичIого*
*Хварал магIарулал гIемерал руго.*
*ГIорцIизегIан квине квенги щвечIого*
*Ракъуца хваразул хобал рихьана.*
*Гьеле рагъул нухал, Гитлерил сайгъат*
*Хвелги бесдаллъиги, ракъи-балагьги.*
*Рокьукъал фашистаз бачIараб нилъей*
*Воре кIочон тоге, гьаб дунялалда,*
*Ракълихъ гIащикъаб халкъ гIемераб букIин.*
*Рагъухъги бидухъги хIасрат бергьарал*
*Гьелъул гIоралъ жалго гъанкъизе руго.*

*Заирбег Меселович МУХIАМАДНАБИЕВ*
*ТIогьохъ росдал ветераназул Советалъул председатель,*
*57 соналъ школалда тарихалъул*
*дарсал кьурав мугIалим*

## ГIайшат Набиева



**21 июлалъ гIумруялдаса ятIалъана киназго адабги хIурматги гьабулей лъикIай инсан, яцIцIадай муъминчIужу, мадрасалъул мугIалим Набиева ГIайшат. ГIайшат лъалелщиназ, гьелъул цIалдохъабаз, гьелъул баракат щвараз зигара балеб буго гьанхъадерил жамагIаталда, гьелъул хъизан-лъималазда, тIолабго гIагарлъиялда. Аллагьас гьей ахираталъул рукъалдаса йохун ятайги.**

# ГIазугIан бацIцIадаб гIумруги нахъа тун...

ГIайшат Набиева гьаюна 1957 соналъ. 1973соналъ гьелъ лъугIана Гьандихъ гьоркьохъеб школа. Гьебго соналъ лъугьана пединститутлаъул математикаялъул факультеталде.

ЦIали лъугIун хадуб, гьей хIалтIана Гьандихъ ва ХIебда школалда мугIалимлъун.

ГIайшат йикIана гьунар бугей мугIалим ва тIалаб бугей тарбиячIужу. Школалда тIоритIулелщинал ишазулъ гьей кколаан жигарай гIахьалчIужу ва кумекчIужу.

Иман бугеб хъизаналда гIурай гьелъ 1990 соналдаса нахъе, Бакълъухъа КIудиясул бихьизабиялда рекъон бетIергьанчигун цадахъ махраж лъазабуна ва тIолабго гIумру буссинабуна гIун бачIунеб гIелалъе рухIияб ва динияб лъайгун тарбия кьеялъе. Хадусеб заманаялъ гьеб ишалда гьорлъе рачана цIикIкIаралги. КIудияс абулаан, ясазда дин чара гьечIого малъизе кколилан, рукIинисел улбул, нилъер наслаби гIезарулел чагIи. ГIумруялъул ахирисеб къоялде щвезегIан Аллагьасул калам –Къуръан цIализе ва бусурманчIужуялда тIадал ишал малъана азаргоялдаса цIикIкIун ясалда. Абизе бегьула, ХIебда ятиларин гьелъ дарс лъечIей яс. Цин РайПОялъул минаялда жаниб, хадуб бажарулареб мехалъ,хасалил цIоророл къояз жиндирго рокъоре рачунги дарс лъечIого течIо ГIайшатица.

ГIумру буго БетIергьанас инсанасе цо нухалъ кьолеб жо. Гьеб заманалъул кьокъаб къотIелалда жаниб щивас тола дунялалда жиндирго лъалкI. ЛъикIаб ялъуни квешаб. ГIайшатица гIадинаб лъалкI тей, гьеб буго ан щивасул анищ

ХIисаб гьабеха , I000 чIужугIаданалъ жиндирго лъималазда ва лъималазул лъималазда малъизе рес буго гьелъ малъараб ва гьеб цебеса цебе кьезеги. Гьал ахирал соназда нилъер районалда ва къватIир тIоритIарал руччабазул диниял церерахъиназулъ гьелъул кIудияб бутIа букIана. ГIайшатие бокьулароан цеехъанлъи гьабизе, амма гьелъул жирараб квер жибго бихьулаан.

Гьей йикIана жеги гIадамазе къварилъи гьабичIей, нахъасан кIалъачIей, кидаго разияй, ракI гIатIидай, лъикIаб гурони рагIи жиндир кIалдиса инчIей, лъималазул гIадаб гIамалалъул гIадан.

ГIайшат лъалел, хасго гьелъул дарс щварал жакъа пашманго руго.

ГIайшатица малъухъе Къуръаналъул жуз цIали букIинаан нилъеца гьелъие нахъе кьолеб баркалалъун.

**ПатIимат МУХIАМАДОВА**

### Камуна мун нижей, ХIумайдил ГIашат

Дунялалъул къоял дуе къокълъидал
Къалмикье росизин дагьал рагIаби,
Къадар Аллагьасул щванин рагIидал
МагIу тIун гIодизин Диналъул яцал.

Алжаналъул агьлу куцалей мюрид
Мун нижедаса ин цIакъ захIмат буго,
"ХIумайдил ГIашат"-ан ругьунаб рагIи
РагIиларо тIокIаб ясаз абулеб.

Кьолбол ясалазулъ меседил горо
Дур рухI босулелъул зобал гъугъачIищ?
Мусразулъги тIупун йосун унелъул
Зодил малайкзабаз зикру бачинчIищ?

ТIабигIат гIодана, гIалам угьдана
ГIамал берцинай мун ракьулъе индал,
Мадугьалихъ лъикIай
лъикIлъаби гIемер
ГIолилал ясасе камуна гьанже.

Щибаб къоялъ дуца кьурал дарсазул
Дурусаб мухIканлъи нижей букIана,
ЛъебергогIан соналъ малъараб гIелму
ГIадада теларо БетIергьанас дуй.

ХIумайд-Апандие дарулъун чIарай
Дару-сабаб камун кин мун хутIарай,
Киназдаго дару малъулев тохтур
Мунго сах гьайизе тохлъунищ ккарав?

Хирияб ЗулхIиджа тIаде щварабго,
Дур берал къанщанин хабар рагIана;
Хирияб Къурбанкъо кIодо гьабизе
Ахирисеб сапар дуца бухьана.

Дунялалъул къоял кьокъал жаллъидал
Къвал чучун хьвадуге ,диналъул яцал,
Добе босулеб жо цохIо гIамалин
ГIадада риччаге Бичасул сагIтал.

Сабру кьеги, АЛЛАГЬ,ПатIиматийги,
Гьединго ХIумайдий ва лъималазе;
МахIшаралда данде гьареги ,Аллагь,
Гьелъий рокьулелги гьей йокьулелги.

Аллагьилан ахIе бухIулеб ракIалъ
БетIергьан нилъеда гурхIилев хIалалъ,
Алжан насиблъаги, дуй диналъул яц,
ДугIадул аманат нахъе ругезде.

**ПатIина ГIАЛИЕВА,**
**ХIебда школалъул мугIалим**

* * *

Алжан кьун йохаяй нижер хIурулгIин,
Къадарищ дуй щвараб, дир мугIалимат
Шамил районалда гIараб малъарай,
Баркат нижее тун кьокъун ятайги.
Дир хирияй ГIайшат, баркатул гъуни,
Ахираталъул рокъой йохун ятайги.
Нижеда малъараб Къуръаналъул хIарп,
Азариде бахун, кIодо гьаеги.
Дуца нижей кьурал лъикIал гIакълаби,
Абадияб рокъоб даража щвайги.

**Шагьун МУРТАЗАГIАЛИЕВА,**
**НитIаб росу**

* * *

ГIадамал анищаб гIумруги тIамун,
ГIиллиюналдейищ гьанже кьокъарай,
Къуръаналъул дарсал тадрис гьарулей
Тарабищ дуцаги дунялалъул рукъ.

Диналъул аслаби дуруслъизарун,
Наслаби къачIалел къоялги ана,
Фурузал, арканал, какил шурутIал
Киналго малъана гIун рачIунезда.

ГIисинаб гIелалъулъ гIодоса тIаде
Динул ислам рекIелъ щула гьабуна,
Эбел-инсуе жал тIадаллъун ругел
ТIолалго хIукъукъал гьезул рорхана.

Какие чуризе, какал разеги
Камиллъиялда тIад мухIканго чIана.
Иман, ислам, ихIсан, къирагIаталъул
Кьойил дабар гьарун дарсалги кьуна

ЛъебергогIан соналъ мугIалиматлъун
Лъимал куцулаго кIвахIтун хIалтIана.
ХIакълъунго гьебщинаб
гьабураб дагIват
Даимаб рокъобги батила метер.

Гьанже рада-радал ралагьунги чIун
ГIаишат ячIунарин рукIина ясал
Цоги къукъаялда бакъанил гIужалъ
Бакъ гIадин ячIуней мун йихьиларо.

Дур гьасде ракIарун дарсал цIаларал,
Диналъул яцаца гьабила нугIлъи
Нус-нус ясаз гьениб
Къуръан бацIцIиндал,
Къияmaсеб къоялъ квербакъи щвела.

**Гьандихъ росу**

■ ОБЪЯВЛЕНИЯ

Утерянный аттестат серия 005 за номером №18000241568, выданный Магомедову Гаджи Ибрагимовичу 05.12.2002г.р. об окончании в 2018г. МКОУ «Ходотдинская СОШ» Шамильского района РД, считать недействительным.

Утерянный аттестат серия 005 за номером №18000241557, выданный Гинчуевой Хадижат Магомедовне 19.04.2002 г.р. об окончании в 2018г. МКОУ «Ходотдинская СОШ» Шамильского района РД , считать недействительным.

Утерянный аттестат за номером №0068066 выданный Магомедовой Хадижат Б. 1989 г.р. об окончании 9 классов в 2005г. МКОУ «Тидибская СОШ» им. Алиева И.М. Шамильского района РД, считать недействительным.


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГI. НурмухIамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана "Цияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления.
Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун дандекколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ кьимат кьезелъун.
Нижер электрониияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI
№ 50